

# Manje Lakansyèl



# Lakou Kajou

**Lakou Kajou**  
Pou timoun ka aprann  
ak kè kontan  
[lakoukajou.ht](http://lakoukajou.ht)

# Konsiy pou anseyan



## Entwodiksyon :

Manje lakansyèl se yon ti liv ki pou pouse bon nitrisyon. Li ankouraje timoun yo manje tout koulè manje pou yo ka pi an sante. Nan nivo preskolè li ka sèvi pou aprann non manje yo epi aprann koulè. Nan nivo 1AF ak 2AF timoun yo ka aprann apresye pwodui natirèl ki nan zòn pa yo.



## Vokabilè :

**Lakansyèl** : pale ak timoun yo sou ki sa ki yon **lakansyèl**.

**Djanm** : pale ak timoun yo sou sans mo **djanm**.

**Koulè** : pale ak timoun yo sou koulè ki nan liv la ak nan klas la.



## Li :

1. Montre timoun yo **kouvèti liv la**. Mande yo sou ki sa yo kwè liv la pale.
2. Anvan ou li chak paj, **montre** timoun yo imaj yo. Li fraz yo. Montre yo imaj la ankò lè ou fin li fraz yo.



## Konvèsasyon :

1. Ki sa timoun yo renmen manje ?
2. Eske se lakansyèl yo manje vre ?
3. Ki koulè manje nou renmen manje yo ?



## Aktivite :

**Fè yon liv ki sanble ak Manje lakansyèl :**

1. Bay chak timoun yon fèy pou **desinen yon fwi, legim, viv yo renmen**.
2. Mande yo **ekri** yon ti tèks anba desen an takou paj liv la. Tankou :  
Mwen rele \_\_\_\_\_.  
Mwen renmen \_\_\_\_\_.  
\_\_\_\_\_ gen koulè \_\_\_\_\_
3. Mete fèy yo ansanm pou **fè yon liv Manje lakansyèl** pou klas la.



Nou renmen manje tout koulè.  
Pou nou ka djanm,  
nou manje lakansyèl !



Lili di :  
« Nou manje tomat !  
Tomat gen koulè wouj ! »



Fara di :  
« Nou manje mandarin !  
Mandarin gen koulè jòn abriko. »




Zando di :  
« Nou manje fig !  
Fig gen koulè jòn. »



Jòj di :  
« Nou manje zaboka !  
Zaboka gen koulè vèt. »







Tilou di :  
« Nou manje berejenn !  
Berejenn gen koulè mòv. »




Ema di :  
« Nou manje tout koulè !  
Nou manje lakansyèl ! »




Wouj: seriz, tomat, piman.  
Jòn abriko: papay, mandarin, kawòt.



Jòn: fig, gwayav, mayi.  
Vèt: leti, kalalou, zepina.



Mov: rezen, berejenn, kayimit.  
Mawon: vyann, manba, pwa.



Blan: ze, diri, kokoye, lèt.  
Nwa: kafe, djondjon, pwa nwa.



Nou manje lakansyèl pou nou ka djanm !

# Anseyan yo, gade!

Nou ka enprime yon vèsyon nwa e blan liv sa a pou timoun yo. Men ki jan pou nou fè sa:

## Enpresyon



1. Telechaje PDF la ki sou sit nou an: [www.lakoukajou.ht](http://www.lakoukajou.ht)
2. Enprime PDF la sou 2 bò yon paj papye 8.5 X 11 (dimansyon lèt)
  - a. *Asire ou enprimant la fè chwa enpresyon dezyèm paj la sou **bò kout** paj la. Sa trè enpòtan pou paj ti liv la ka soti ann òd.*
  - b. *Si papye ou la pa 8.5” X 11”, chwazi “fit to page” pou enprimant lan, ki vle di ajiste pou papye a.*






## Pliye epi dekoupe paj la



Pou fè liv la w ap bezwen pliye paj la epi dekoupe li.

1. Mete paj la an pozisyon pou bò kout yo an wo ak an ba, epi bò long yo sou kote dwat ak goch. An fas ou ou dwe ap gade paj 1, 2, 5, 6 ti liv la.
2. Pliye fèy la nan mitan sou longè li. Kounye a ou dwe ap gade kouvèti liv la an wo epi paj 7 an ba.
3. Pliye li an 2 ankò nan mitan demi fèy long nan.
4. Vire ti liv la pou w gade kouvèti ti liv la.
5. Dekoupe rebò anba yo pou ou ka vire paj yo.
6. Kounye a ou gen yon ti liv pou elèv ou yo.



## Li epi kolorye



Timoun ou yo kapab li ti liv la epi kolorye desen yo. Ankouraje yo pou yo li ak fanmi yo lakay yo.





# Manje Lakansyèl

## NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an [LakouKajou.ht](http://LakouKajou.ht) pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime l pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

**Blue Butterfly**  
Inspired by Kids. Everywhere  
[bbutterfly.org](http://bbutterfly.org)

**Lakou Kajou**  
Pou timoun ka aprann ak kè kontan  
[lakoukajou.ht](http://lakoukajou.ht)

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.  
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.  
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :  
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>